



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TÈREN NAN PWOJÈ DEVLOPMAN  
LOJMAN A PRI ABÒDAB EPI MILTIFONKSYON POU 20.5 MILYON DOLA NAN  
BINGHAMTON**

***Canal Plaza Kontinye Revitalizasyon Pati Nò a - Livre Lojman Abòdab ak Espas  
Komèsyal, ak Sèvis Sipò pou Moun New York Vilnerab***

***Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global  
rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia kòmansman konstwiksyon sou 20.5 milyon dola Canal Plaza, yon devlopman lojman abòdab ki pral livre 48 apatman ak nouvo espas komèsyal pou Pati Nò Binghamton. Nouvo pwojè konstwiksyon an pral transfòme ak revitalize teren ki se aktyèlman yon teren endistriyèl epi reponn ak yon bezwen rejyonal enpòtan pou kalifye ak lojman abòdab k ap swiv enpak youn apre lòt Ouragan Irene ak Tanpèt Twopikal Lee an 2011. Li genyen 12 apatman ki pral bay sèvis pou sipòte Moun New York ki genyen maladi mantal.

“Konstwi nouvo lojman abòdab se yon engredyan esansyèl pou kreyasyon opòtinite ak revitalize vil nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk adisyon Canal Plaza, n ap kreye opòtinite lojman abòdab pandan n ap bay sèvis k ap sipòte katye vilnerab nou yo pandan n ap travay pou asire ke Southern Tier kontinye pwogrese.”

“Pwojè sa a kontinye tout efò nou yo pou asire ke lojman abòdab pou Moun New York atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Canal Plaza ak Binghamton pral ajoute 48 apatman abòdab ak espas komèsyal nan Pati Nò vil la, kontinye revitalizasyon ak kwasans ekonomik nan Southern Tier.”

Canal Plaza konstwi nan Plan Revitalizasyon Zòn Bòdmè a epi tou sit nan Zòn Opòtinite Endistriyèl Koridò Rivyè Nò Chenango (North Chenango River Corridor Brownfield Opportunity Area). Canal Plaza pral bay lojman pou fwaye ki genyen salè fèb, salè fèb anpil ak fèb nan ekstrèm. Sèvis sosyal disponib sou plas pou lokatè apatman lojman sipò yo.

Anplis de sa devlopman an pral genyen twa swit komèsyal k ap bay yon total 15,000 pye kare. Youn nan swit sa yo pral genyen ladann Catholic Charities nan Konte Broome

pou operasyon Encompass Health Home, ki pral bay asistans pou moun adilt ki kalifye pou Medicaid ak timoun ki genyen maladi kwonik medikal ak/oswa konpòtman.

Pwojè a jwenn sipò yon varyete fon ak sous finansman, sa ki gen ladann 1.1 milyon dola nan Sibvansyon Devlopman Blòk Kominotè (Community Development Block Grant) - fon Rekiperasyon Dezans nan men Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR). Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te ofri 12.8 milyon dola pou finanse devlopman an, ki gen ladan Kredi Taks Lojman Moun ki gen Revni Fèb yo (Low Income Housing Tax Credits) ki pral jenere plis pase 1.3 milyon dola pou devlopman an ki soti nan Fon Koperasyon Lojman HCR. L ap resevwa anviwon 2 milyon dola nan Fon Envestisman Kominote Riral ak Iben, prèske 2.3 milyon dola kapital ke kredi taks teren endistriyel ke Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) te atribye, 100,000 dola ki soti nan HOME Vil Binghamton ak yon sibvansyon ensitatif 48,000 dola ki soti nan Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority).

7 Septanm 2011, Tanpèt twopikal Lee te kanpe sou Southern Tier epi li te depoze plis pase 11 pye lapli nan yon peryòd 24 èdtan. Lapli toransyèl, melanje ak sòl satire epi yon Rivyè Susquehanna ki te monte apre Ouragan Irene, ki te pase nan semèn 28 Dawou 2011, te kondwi a yon rekò nan nivo dlo. Kòm konsekans, kominote lokal yo te sibi inondasyon rapid sevè ki te andomaje kay, antrepriz ak enfrastrikti. Nivo dlo sou tè ki te wo te lakoz sousòl ak etaj a nivo lari nan kay, antrepriz ak edifis minisipal yo inonde, menm si strikti sa yo te dèyè yon leve. Epi inondasyon te fèmen anpil wout vital, sa kite rezidan yo san aksè a edifis, pwovizyon oubyen sèvis ijans medikal.

Fon pou pwojè tankou Canal Plaza bay anplis 1 milya dola GOSR ki deja debouse pou moun New York pou repare ak rekonstwi ke kay yo ke loray domaje.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare,** “Lojman abòdab Canal Plaza yo ak sèvis sipò yo pral kontribye pou revitalizasyon ekstrawòdinè Pati Nò Binghamton epi ede pèmèt ekonomi Southern Tier la kontinye pwogrese”.

**Direktè Egzekitif Lojman, Pwogram Racha ak Akizisyon nan Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a, Thehbia Hiwot te deklare,** “Lefèt ke nou te resevwa 1.1 milyon dola fon nan men sèl GOSR, Canal Plaza refilete bon jan angajman Eta New York pou rekonstwi pi byen ak pi solid apre pasaj Sipètanpèt Sandy, Ouragan Irene ak Tanpèt Twopikal Lee. Gras ak Gid vizyon global Gouvènè Cuomo, nou se — yon pwojè alafwa — restorasyon estòk lojman eta a yon fason pou Moun New York ki genyen nenpòt nivo salè oswa kapasite gendwa genyen aksè ak yon lojman ki gen sekirite, abòdab ak rezilyen ki pral ka reziste pwochen siklòn nan”.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health), te deklare,** “Lojman apatman sipò yo nan Canal Plaza pral pèmèt endividi ki genyen maladi mantal viv ak pwospere nan kominote yo. Ak lojman estab k ap sipòte gerizon yo, endividi k ap viv ak maladi mantal oswa abi sibstans ap kapab tounen kontribyab valab nan kominote yo”.

**Komisè DEC Basil Seggos te di,** “Aprè pasaj Tanpèt Twopikal lee ak Ouragan Irene, Gouvènè Cuomo te pran angajman pou non sèlman rekonstwi sa ki te pèdi nan tanpèt sa yo, men pou kreye plis kominote rezilyan. Pwojè sa a kenbe pwomès Gouvènè a epi pral pote opòtinite lojman abòdab, ansanm ak sèvis sipò esansyèl pou Pati Nò Binghamton. Pwogram Netwayaj Teren Endistriyèl Eta a se yon zouti pisan pou ede fè zòn ki detwi yo vin gen yon itilizasyon pwodiktif, epi nou fyè pou fè patenarya sou pwojè Canal Plaza a k ap konstwi sou elan pou revitalize Pati Nò Binghamton ak ranfòse kominote sa a pou jenerasyon k ap vini yo”.

**Prezidan ak Fondatè 3D Development Group Bruce Levine te deklare,** “Vil la te kontinye fè investisman enpòtan nan katye Pati Nò a ak Canal Plaza pral pouswiv revitalizasyon an. Efò kolaborasyon an HCR, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Vil Binghamton ak ekip devlopman sa a te nesèsè pou pwojè sa a soti nan konsèp pou rive kote li rive jodia, ak gwo reyisit sa a”.

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** “Devlopman sa a se yon bon nouvèl pou yon zòn Binghamton ki genyen pi gwo nivo lamizè nan rejyon an. Lojman apatman sa yo, mete ansanm ak ajans sèvis yo ki pral twouve yo la a, pral bay yon estabilite ki nesèsè pou rezidan yo. Mwen apresye kolaborasyon ant ofisyèl lokal yo ak ajans eta yo ki rann pwojè sa a posib”.

**Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare,** “Konte Broome fyè pou li sipòte pwojè sa a ki pote lojman abòdab ki nesèsè anpil pou Pati Nò vil Binghamton. Pwojè sa a montre pouvwa patenarya. Konte a pran responsablite pwopriyete a an 2014 epi vann pwopriyete a bay vil Binghamton an 2015 pou 1 dola. Twa ane apre, gras ak investisman Eta New York, n ap fè inovasyon ak yon gwo pwojè ki pral ede revitalize zòn iben sa a nan vil la”.

**Richard C. David, ki se Majistra, te deklare,** “Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak ekip li an ki nan Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York a poutèt sipò yo pou pwojè a. 3d Development Group ak Potansyèl Kominotè te patnè enpòtan epi travay ke yo fè dèyè sèn nan te enpòtan anpil pou fè pwojè sa a avanse. Pandan plizyè ane, rezidan yo te eksprime enkyetid yo sou mank opsyon lojman abòdab nan Binghamton. Mwen te pran yon angajman pou mwen fokalize sou nouvo pwojè lojman abòdab k ap bay, anviwònman sekirite kalite pou fanmi yo. Se kle pou stabilize katye yo ak revitalizasyon Binghamton k ap kontinye. Pwojè sa a pral genyen yon enpak siyifikatif sou Pati Nò vil la, pandan l ap fè ankraj ak sipòte redevlopman nan koridò komèsyal Lari Eta a ak pi lwen toujou”.

### **Akselere “Southern Tier Soaring”**

Anons jodi a vin konplèman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envestisman eta 500

milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

**Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè** a te etabli nan mwa Jen 2013 pou kowòdone efò rekipèasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Tropikal Lee. Atravè Pwogram Rekipèasyon Lokatif NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo (Small Business), pwogram Rekonstwiksyon Kominotè (Community Reconstruction), pwogram Enfrastrikti (Infrastructure) ak pwogram Rekonstwiksyon apati Konsepsyon (Rebuild By Design) li yo — GOSR ap envesti 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè federal - Finansman pou Rekipèasyon apre Dezaz yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou entènèt nan <http://stormrecovery.ny.gov/>.

**Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la** ap travay pou yo kreye, prezève ak amelyore kay abòdab, epi devlope kominote dinamik. HCR ap egzekite Plan senk ane san presedan Gouvènè Andrew M. Cuomo 20 milya dola a, ki rann lojman aksesib epi konbat lefèt pou moun sanzabri pandan l ap konstwi ak konsève plis pase 100,000 apatman lojman abòdab, ki genyen 6,000 apatman sipò. Plan an se yon apwòch ki gen grand pòte pou abòde pwoblèm lojman onivo tout eta a, epi ki gen ladan envestisman nan lojman kolektif ak lojman endividyèl, sa k ap fè vanse estrateji devlopman kominotè yo, ak prezève estabilizasyon lwaye yo. Pou plis enfòmasyon sou HCR, pwogram ak inisyativ li yo, tanpri vizite: <http://www.nyshcr.org/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)